




Jwenn A nan CHA



Swen Grad A

An 2023, yo te rekonèt CHA ankò antanke youn nan pi bon sistèm lopital nasyon an! Endèks anyèl Low Institute Hospitals Index evalye plis pase 3600 lopital Ozetazini pou evalye kontribisyon yo nan sa ki gen pou wè ak ekite nan sante, valè, ak rezilta sante yo.

Ane sa a, yo te nonmen CHA lopital #1 nan Massachusetts epi youn nan 25 pi bon lopital Ozetazini nan zafè “Avantaj Kominotè”! Nou te resevwa tou, “grad A” pou Responsablite Sosyal, Ekite nan Sante, Enklizivite, Prevansyon kont Konsomasyon Depase ak Valorizasyon Swen.

Nou pa t ap kapab fè sa san ou. Mèsi paske ou chwazi CHA e paske w ap ede nou bay lemye de nou menm.

[Li Plis](#)

Ahhh flu!



Ahhh Lagrip (ak COVID tou)!

Se nan peryòd sa nan ane a ankò – sezon lagrip ak COVID – e mwayen ki pi fasil pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou se pran vaksen.

Vaksen kont lagrip la ak vaksen kont COVID la san danje e yo bese risk pou nesite laswenyay nan lopital ak menm pou w mouri. Jèn timoun, granmoun aje ak moun ki gen sistèm iminitè yo ki febli ki anfas pi gwo risk. Lè ou pran vaksen an, ou pwoteje tèt ou epi ou ede pwoteje yo tou.

Pran randevou sou [kont MyChart](#) ou a oswa avèk [sant swen w lan](#). Ou kapab pran vaksen an tou nan yon a [famasi CHA](#) (si ou gen 19 lane oswa plis), oswa nan [famasi ki nan lokalite w la](#) (verifye limit laj yo).

[Pran Piki W Yo Jodi a!](#)



CHA Kanpe Kont Rasis

Rasis se yon kriz nan sante piblik Ozetazini. Kòm repons, CHA angaje li pou li vin yon òganizasyon antirasis. Deklarasyon Antirasis nou an konfime angajman sa a e li detaye nan ki nivo nou pran responsablite nou an.

Nan Cambridge Health Alliance (CHA), nou pran angajman pou nou ankouraje anndan òganizasyon yon kilti divès, ki ekite, ki enklizif, e ki antirasis pou pèsonel la ak pasyan yo ak manm yo nan kominote n ap sèvi. Nan CHA, nou pran responsablite nou pou nou jwe patisyon pa nou an nan travay pou abòde opresyon an epi fè avanse ekite pou nou ranvèse listwa enjistis rasyal sistèmik la, ak vyolans ki genyen nan swen lasante a.


[Li deklarasyon an okonplè la a](#)



Peye Fakti CHA Ou Sou entènèt

Gen yon nouvo fason pou w peye fakti CHA ou sou entènèt. Kounye a nou aksepte Apple ak Google Pay - ki pa rapid, fasil epi sekirize. Pou konfigire pòtfèy Apple oswa Google ou, ale sou [kont MyChart](#) ou, epi aktyalize opsyon pèman ou pandan w ap chwazi Apple oswa Google Pay.

[Klike la a pou w konfigire pòtfèy sou entènèt ou a](#)



Vwa Ou Konte

CHA ap tandè vwa ou pou li kapab amelyore swen pou tout moun! Vin yon pasyan konseye epi pataje remak ou pou w ede nou rann bagay yo vin pi bon. Kesewa se nan ekip eAdvisor nou an ou antre, ki se yon gwoup k ap reflechi sou yon pwojè, oswa nan yon komite pèmanan, ou kapab fè ladiferans nan CHA. [Enskri pou w vin yon pasyan konseye jodi a!](#)

[Chèche konnen plis sou kòman ou kapab vin yon pasyan konseye](#)



YOUTH MENTAL HEALTH: HELPING A FRIEND IN CRISIS

CHA ap Sipòte Jenès la

Inisyativ Jèn yo pou Amelyorasyon Sante Kominotè CHA a ofri opòtinite aprantisaj ki reyèl pou jèn yo. Sezon lete ki sot pase a, jèn Anbasadè pou Sante Mantal nou yo te kreye yon videyo pou sansibilize konsyans yo sou sante mantal atravè listwa y ap rakonte. Videyo a te mete aksan sou ki jan pou ede yon zanmi ki nan kriz epi ki montre li genyen siy ak sentòm pwoblèm sante mantal ki kouran lakay adolesan yo. Chèche konnen kòman adolesan w lan ka antre nan [Inisyativ Jèn CHA yo](#) jodi a!

[Gade videyo a!](#)

BELIEVE IN WHERE YOU WORK



Kwè nan Kote W ap Travay la

Nou selebre enfimye ijans yo pandan tout ane a, avèk rekonesans espesyal nan Semèn Enfimye Ijans nan oktòb. Enfimye yo jwe yon wòl enpòtan nan Depatman Ijans nou yo ak nan tout sistèm swen lasante nou an. Angajman yo pran pou sèvi pasyan yo ede nou bay vizyon “ekite ak ekselans pou tout moun, nan tout moman” nou an lavi.

CHA se yon bon kote pou travay, e se yon kote ou ka mete konfyans ou nan li. Vin jwenn ekip elit nou an epi fè ladiferans nan lavi pwochen w yo.

[Klike la a pou pwochen travay ou a](#)

